

Elèv ki gen andikap

Depatman Edikasyon vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE) vle bay tout 1,1 milyon elèv nou yo, andikape ak sa ki pa andikape, pi bon chans pou yo rive gen yon vi reyisi kote yo akonpli anpil bagay e bay ranman nan yon monn ki toujou ap mande gwo nivo konesans ak konpetans.

Nou vle kontinye enfòme fanmi yo osijè sa k ap pase onivo Edikasyon espesyal e pou fè sa, nou sanble kèk kesyon ak repons ke nou espere pral pran ankonsiderasyon enkyetid ou yo. Chwa nou yo baze sou sa w mande e sa nou vle se mete sou pye bonjan lekòl ki fèt pou sèvi **tout** elèv nou yo ak fanmi yo pou mete bezwen timoun nou yo anvan tout bagay.

Q. Kouman nou ofri evalyasyon pou elèv ki gen andikap oswa pou elèv nou sispèk ka gen andikap?

A. Nou ofri elèv nan lekòl leta yo sèvis evalyasyon, epi gen reyinyon sou Plan Edikasyon endividyèl *Individualized Education Program* (IEP) lekòl, kote manm pèsonèl ki konnen yon timoun ta ka plis ofri yon timoun sèvis, ka patisipe total kapital nan pwosesis sa a. Elèv ki nan lekòl prive oswa nan Lekòl endepandan Leta apwouve *Charter school*, resevwa sèvis evalyasyon nan biwo Komite pou Edikasyon espesyal *Committee on Special Education* (CSE). Biwo CSE yo fè rapò yo ba Sant sèvis entegre yo *Integrated Centers* (ISCs).

Q. Kouman nou ofri sèvis Edikasyon espesyal?

A. Gen twa òganizasyon ki ofri sèvis Edikasyon espesyal pou ede lekòl yo :

ISC

Chak minisipalite gen yon ISC ki ofri tout lekòl asistans byen oryante avèk sèvis obligatwa entegre nan estrikti eskolè ki gen pou wè avèk resous imenn, *payroll*, bidjè ak apwovizyonman, transpò, sèvis manje, lokal, jesyon don lajan, teknoloji, sante ak sekirite, ranvwa elèv, fòmasyon jenn, ak kèk eleman edikasyon espesyal. Chak ISC gen yon Direktè egzekitif adjwen pou Edikasyon espesyal, epi anplwaye li yo se pi bon manadjè, pwofesè Edikasyon espesyal, ak analis eksperimente, ki pral òganize pwosesis pou mete pèsonèl edikasyon espesyal, chèche bay moun k ap travay nan lòt konpayi kontra pou sèvis yo, epi bay ak apwouve sèvis founisè endepandan ki pa p travay nan Depatman Edikasyon *Department of Education* (DOE) pou elèv nan lekòl leta yo. Eksepte elèv nan pwogram Distri 75 yo. Distri 75 bay sèvis obligatwa yo pou lekòl li yo.

Se manadjè ki gen eksperyans ak pèsonèl Edikasyon espesyal k ap travay nan CSE yo, k ap fè aranjan pou sèvis Edikasyon espesyal, paegzanp bay anplwaye k ap travay pou lòt konpayi kontra pou jwenn sèvis yo, epi bay ak apwouve sèvis founisè endepandan ki pa p travay nan DOE pou elèv nan lekòl prive ak *Charter school* yo.

Nan chak ISC, gen yon Divizyon espesyalis IEP k ap sipèvizè evalyasyon kalite, epi k ap aplike nòm regilyèman pou mete anplas IEP nan sistèm lan. Sipèvizè Sikològ lekòl la ak Pwofesè *Speech* yo ak plizyè Sipèvizè Terapi pou ede moun reprann okipasyon yo *Occupational and Physical Therapy* loje nan ISC a pou tabli rezo solid pou jwenn sèvis ekspè siperyè e pou amelyore fason yo ofri sèvis.

Biwo pou anwòlman elèv

Biwo pou anwòlman elèv *Office of Student Enrollment* (OSE) ki nan biwo santral la responsab plasman elèv, anwòlman, delimitasyon sektè, ak chwa pwogram nan tout vil la pou tout klas. Yo plase elèv tou nan klas kote gen plizyè pwofesè k ap kolabore pou anseye *collaborative team teaching* ak nan klas Edikasyon espesyal dèke yo rekòmande sèvis Edikasyon espesyal si yo pa ka ofri sèvis sa yo nan lekòl yo ye. OSE travay avèk Distri 75 pou idantifye elèv ki bezwen pwogram Distri 75 yo, e pou deside plasman pou yo tou.

Òganizasyon k ap bay lekòl sipò *School Support Organizations* (SSO)

Tout direktè lekòl, apre yo chita pale avèk Komite dirijan lekòl yo *School Leadership Teams* (SLTs), chwazi yon SSO ki ofri sipò onivo pwogram etid ak enstriksyon pou elèv yo, antwòt elèv ki gen andikap. Dirijan e pifò nan anplwaye kèk nan SSO yo se pèsònèl lekòl leta nan vil Nouyòk, epi lòt yo reprezante sa ki pi bon ke kolèj, inivèsite, ak lòt òganizasyon ki pa la pou fè benefis, gen pou ofri. Lekòl yo chwazi SSO ki gen pwofesè ak elèv pou ofri sipò yo bezwen. Sa mentni pwosesis pou pran desizyon yo nan lekòl yo, e pèmèt ke lekòl ki gen memn bezwen yo gen fasilite fè yonn ak lòt konnen sa y ap fè e repwodiui meyè pratik pou anseye.

Q. Kisa DOE ap fè pou kontinye amelyore ansèyman ak sèvis Edikasyon espesyal?

A. Pou satisfè paran ki mande yon pwogram lekti ki baze sou estanda Orton Gilligham, nou genyen kounye a plis pase 5 000 pwofesè ki resevwa fòmasyon nan Sistèm lekti Wilson lan, k ap kontinye reprezante yon eleman enpòtan nan korikolòm debaz la.

DOE ap fè yon pwogram Pwofesè titilè Edikasyon espesyal, nan kèk lekòl presegondè ak segondè. Objektif pwogram lan se fasilite relasyon mentò nan yon lekòl, epi itilize ladrès ak konpetans pwofesè eksperimente Edikasyon espesyal pou ede amelyore ansèyman. Yon pwofesè titilè Edikasyon espesyal pral anseye elèv yo pandan twa peryòd chak jou, epi yo pral ofri twa peryòd fòmasyon pwofesyonèl sou pi bon pratik ansèyman pou elèv ki gen andikap.

N ap ofri asistans teknik, epi n ap planifye pou bay lekòl yo lajan andirèk sitou onivo lekòl segondè pou kontinye mentni yon ekspansyon sèvis entegre pou elèv ki gen andikap, pou mete sou pye nouvo pwogram Edikasyon jeneral pou entegre elèv Edikasyon espesyal, epi pou itilize ankò lòt pi bon pratik pou ofri elèv ki gen andikap sèvis.

Biwo Chanselye adjwen pou ansèyman ak aprantisaj pral bay sipò pou repete pwogram modèl yo e pou mete anplas pwogram pilòt ankolaborasyon avèk kolèj, inivèsite, ak lòt kolaboratè. N ap kontwole espesyalman ansèyman rijid matyè debaz y ap ofri yo ak tranzisyon efikas elèv andikape yo nan lekòl presegondè ak lekòl segondè. Metsousa, Biwo santral pou ansèyman ak aprantisaj pou inisyativ Edikasyon espesyal, ofri asistans teknik ak sipò ba lekòl pou sèvis Edikasyon espesyal. Sipò sa a amelyore avèk anplwaye siperyè Edikasyon espesyal y ap pote pou kontinye ranfòse kapasite lekòl yo pou ofri elèv ki gen andikap sèvis.

Q. Kisa Depatman an fè pou amelyore responsablite pou pèfòmans elèv ki gen andikap?

A. Ogmantasyon responsablite onivo lekòl reprezante yon eleman enpòtan nan refòm Timoun dabò a *Children First*. N ap evalye pèfòmans lekòl, mete anplas nouvo bagay pou ankouraje anplwaye yo gen pi bon pèfòmans, epi n ap detèmine konsekans pou lekòl ki pa rive satisfè limit tabli pou pèfòmans kòm yon eleman nan inisyativ pou responsablite kòm kwa pou amelyore fason n ap ofri sèvis Edikasyon espesyal. N ap amelyore tou kalite enfòmasyon ou resevwa e osijè pèfòmans pitit ou a e osijè anviwònman lekòl li a.

Rapò sou fason n ap ofri Sèvis Edikasyon espesyal

Paran yo di nou jan l enpòtan pou w konnen si lekòl pitit ou a ap ofri sèvis obligatwa Edikasyon espesyal. Pou kenbe paran yo okouran, nou mete sou pye sou yon sit wèb yon Rapò sou fason nou ofri Sèvis Edikasyon espesyal ki endike opòtinite pou evalye timoun pou Edikasyon espesyal ak fason nou ofri sèvis. Rapò a disponib nan paj chak lekòl sou sit wèb la nan Seksyon ki rele Estatistik. Pami lòt zouti pou detèmine responsablite genyen :

Rapò sou Pwogrè ki bay chak lekòl yon nòt A, B, C, D, oswa F. Lekòl ki gen A yo kalifye pou rekonpans, alòke lekòl ki gen echèk yo pral konfwonte kèk konsekans. N ap konsantre espesyalman sou pwogrè elèv ki gen andikap.

Evalyasyon kalite yo se vizit 2-3 jou ke edikatè eksprimante fè pou pale avèk paran, elèv ak anplwaye, pou obsève salklas, e pou kontwòle fason salklas yo itilize done sou enfòmasyon, epi pou tabli objektif pou amelyore aprantisaj pou tout elèv. Yo bay lekòl yo yon nòt total pou kalite ke yo mete nan Rapò sou pwogrè a. Tout rapò sou Evalyasyon kalite a disponib sou Entènèt : al sou sit www.nyc.gov/schools. Mete kòd lekòl la oswa non l, kote yo endike **FIND A SCHOOL**, epi klike sou **GO** –sa ap mennen w sou paj wèb lekòl la. Kote yo endike **About Us**, klike sou **Statistics** (yon *link* sou bò goch paj la). Rale *mouse* la desann jiskote yo endike **Rapò sou Evalyasyon kalite**.

Evalyasyon peryodik se evalyasyon nan klas ke elèv pran pou ede pwofesè yo detèmine ki konsèp ak ladrès elèv yo konprann. Pwofesè yo itilize enfòmasyon sa a pou konnen sou sa pou yo konsantre yo pou chak timoun.

Q. Kouman DOE ofri paran yo enfòmasyon enpòtan?

A. Paran ki gen kesyon oswa enkyetid osijè sèvis Edikasyon espesyal pitit yo ap resevwa, ka ale dirèkteman nan lekòl la epi apre, si l nesèsè, al wè reprezantan paran nan biwo *Superintendent* Distri pou kominote lekòl la. Gen yon anyè vil la ki gen reprezantan paran nan Distri pou kominote lekòl yo ki disponib. Metsousa, tout koòdonatè paran ak lòt pèsonèl pou sipò fanmi ki genyen yon pòs yo kreye dapre refòm Timoun dabò a, patisipe nan yon estaj fòmasyon sou pwosedi ak pwosesis Edikasyon espesyal.

Pou fè sèten ke pèsonèl nou a k ap travay nan chak lekòl ki bezwen èd nou, ka bay atan bonjan kalite enfòmasyon pou reponn kesyon e pou soulaje enkyetid, Biwo santral Inisyativ pou Edikasyon espesyal la mete anplas yon Sant telefòn ki gen anplwaye Edikasyon espesyal kòmkiwa pou direktè lekòl, koòdonatè paran, ak lòt pèsonèl lekòl yo ka fè yon apèl telefòn pou jwenn byen vit enfòmasyon presi pou reponn kesyon fanmi yo. Paran ki gen enkyetid konsènan sèvis Edikasyon espesyal pou pitit yo, e ki pa jwenn solisyon pou pwoblèm yo onivo lekòl oswa distri ka kontakte 311, e mande pou transfere yo ba Sant telefòn pou Edikasyon espesyal la.

Pou lòt enfòmasyon sou Edikasyon espesyal, tanpri al sou sit wèb Depatman an nan : <http://www.nyc.gov/schools/Academics/SpecialEducation/>